



# Pwosedì netwayaj ak dezenfeksyon apre yon avètisman pou bouyi dlo a ki leve pou yon etablisman restorasyon

Lè Depatman Sante Rhode Island lan (RIDOH) leve yon avètisman pou bouyi dlo a, etablisman restorasyon yo gen pou yo suiv etap sa yo.

## **Machin glas**

Nou dwe netwaye epi dezenfekte machin glas yo avèk yon solisyon ki genyen yon ti kiyè klowòks pou yon galon dlo anvan nou itilize yo. Suiv pwosedì dezenfeksyon fabrikan an sijere yo nan manyèl itilizasyon an. Pou pi piti, yon etablisman restorasyon dwe:

- Fè machin glas la fonksyone pandan 24 èdtan epi jete tout glas li bay la pandan peryòd 24 èdtan sa a.
- Lave epi dezenfekte pati ki anndan kivèt ki ranmase glas la ak zòn ki bò kote l la.

Tout aparèy filt ekstèn yo ki fonksyone avèk machin glas yo dwe dezenfekte. Nou dwe chanje katouch filt yo tou.

## **Machin pou trete dlo**

Ranplase tout katouch filt tretman dlo yo.

## **Machin ki distribye soda**

Suiv pwosedì dezenfeksyon fabrikan an sijere yo nan manyèl itilizasyon an oswa kontakte konpayi ki te enstale machin ki distribye soda a pou li netwaye l e dezenfekte l kòm sadwa.

## **Machin ki vann pwodui alimantè ak bwason**

Kontakte konpayi ki te enstale machin ki distribye pwodui alimantè ak bwason an pou li netwaye l e dezenfekte l kòm sadwa. Sa valab sèlman si machin ki distribye pwodui alimantè ak bwason an konekte ak sistèm dlo a, lèfini li prepare pwodui tankou bwason frèt.

## **Filtè pou legim ak pwason**

Nou dwe netwaye e nou dwe dezenfekte flitè ki rete nan menm plas yo ak machin ki flite dlo sou pwodui yo detanzantan pou yo rete fre anvan nou itilize yo. Nou dwe pase yon solisyon ki genyen 50 a 100 pati pa milyon (ppm) klò oswa yon lòt dezenfektan ki apwouve nan liy yo pou omwen 60 segonn.

## **Fontèn pou bwè dlo**

Nou dwe rense tout rezèvwa ki kenbe dlo a fre anvan nou itilize yo. Fè fontèn pou bwè dlo a fonksyone pou omwen 10 minit pou rense liy yo nètale.

## **Tiyo**

Nou dwe kite dlo koule sot nan tiyo yo pou 10 minit pou elimine nenpòt kontaminasyon ki ka ladan yo.

**Rele nimewo telefòn pou kalite dlo potab la nan 401-222- 6867, lendi pou vandredi, soti 8:30 nan maten pou rive 4:00 nan aprèmidi, si nou gen kesyon. Lè biwo yo fèmen ak nan wikenn, rele liy ijans RIDOH la nan 401-276-8046.**

